

# Mande'm de Syans La Tè!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite klas mwen e li te fè yon pwogram pratik sou syans la tè. Nou aprann sou ròch sedimantè, metamofik, inye.

Mande'm pou mwen pale'w de pwopriyete ròch favori mwen. An nou sèvi ak yon boutèy sedimentasyon ke mwen fè pou mwen kapab demonstre'w sa'm panse ki ròch sedimentè fòme.

Mande'm kijan mwen fè yon kat kristal ak Sèl Epson e an nou fè plis kristal ansanm ak resèt pa anba.

## Sirèt Kristal

Mande yon gramoun pou ede'w ak pwojè delisyè sa.

### Kisa ke ou bezwen:

- 1/2 kèp dlo
- 1-2 kèp sik blan
- kiyè an bwa
- yon ti chodyè
- vè ki ka pran chalè
- kreyon
- fil
- koloran manje (opsyonèl)

### Kisa pou fè:

1. Si ou vle, ajoutre 2 gout koloran manje a 1/2 kèp dlo pou fè koulè favori'w.
2. Mete dlo nan chodyè a. Ajoute sik, yon kiyè a la fwa, epi brase li nan ti dife. Pèmèt ke sik la fonn anvan ke ou ajoutre yon lòt kiyè. Kontinye jiskaske solisyon an satire (pa gen plis sik kap fonn).
3. Bouyi likid lan pou yon minit.
4. Mete dlo sikre an nan yon vè ki ka kenbe chalè.
5. Mare yon fil kout nan kreyon an e balanse kreyon an sou rebò vè a ak fil lan pandye nan dlo sikre an.
6. Kite vè a ak fil lan san ou pa deranje'l pou yon semèn ou plis. Pandan ke dlo a ap evapore, krystal yo ap kòmanse pouse nan fil lan. Lè kristal yo vinn laj, retire e manje sirèt kristal ou.

